# 2019-jıl yanvar-dekabr aylarında tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar

*Esabat dáwirinde tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyanıń kólemi 8434,6 mlrd. sumdı quradı. Qarjılandırıw dereklerine tallaw júrgizgende ulıwma kólemniń 62,0 % in, yaǵnıy 5226,4 mlrd. sumı qamtılǵan qárejetlerdiń esabınan, al 38,0 % in, yaǵnıy 3208,2 mlrd. sum kárxanalardıń hám puxaralardıń qárejetleri esabınan dúzilgen.*



# *Tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar*
## *yanvar-dekabr 2019-jıl*

*Esabat dáwirinde qarjılandırıwdıń oraylastırılǵan quramına 2786,6 mlrd. sum òzlestirildi, bul jámi investiciyanıń 33,0 % in quradı hám ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 77,8 % ke kóp ekenligin kórsetedi. Oraylastırılmaǵan qarjılandırıw derekleri esabınan ajıratılǵan investiciya 5648,0 mlrd. sum bolıp, bul 2018-jılǵa qarata 9,7 % ke kòbeygen.*

*Kárxana hám mekemelerdiń óz qarjıları esabınan 2359,5 mlrd. sum tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ózlestirildi hám bul jámi investiciyanıń 28,0 % ine tuwrı keldi. Puxaralardıń qarjıları esabınan 848,7 mlrd. sumlıq, yaǵnıy 10,1 % investiciyalar òzlestirildi.*

*Esabat dáwirinde Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditleri 1254,7 mlrd. sum bolıp, bul 2018 jılǵa salıstırǵanda 89,0 % ke kóbeygen hám jámi investiciyanıń 14,9 % in quraydı.*

*Sonıń menen birge, bank kreditleri hám basqa qarız qarjıları esabınan 482,2 mlrd. sumdı quraydı (tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń ulıwma kóleminiń 5,7 % in quraydı), ótken jılǵa qaraǵanda 38,4 % ke kemeydi.Tuwrıdan tuwrı hám basqa shet el investiciya hám kreditler esabınan 1957,6 mlrd. sum (ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda úlesi 23,2 % hám 2,8 mártege ósken), tikleniw hám rawajlanıw fondı qarjıları esabınan -299,5 mlrd. sum (úlesi 3,5 % hám 23,3 % ke kemeygen), Respublika byudjeti esabınan -1172,2 mlrd. sum (úlesi 13,9 % hám 139,6 % ke kóbeygen), Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw esabınan -60,2 mlrd. sum (úlesi 0,7 % hám 2,7 mártege asqan).*



# *Tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń qarjılandırıw derekleri boyınsha dúzilisi*

### *yanvar-dekabr 2019-jıl*



# Múlkshilik derekleri boyınsha tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń úlesi
**(% te)**






Esabat dáwirinde tiykarǵı kapitalǵa mámleketlik emes múlk tiykarında kiritilgen investiciyalar kólemi ótgen jıldın usı dáwirine qarata 15,1 % ke kemeydi.

# Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń qarjılandırıw derekleri boyınsha dúzilisi

| | mlrd.sum | ósim páti,% | ulesi, % |
|---|---|---|---|
| Barshe qarjılandırıw derekleri esabınan | 8434,6 | 96,6 | 100,0 |
| Oraylastırılǵan investicıyalar | 2786,6 | 77,8 | 33,0 |
| Respublika byudjeti | 1172,2 | 139,6 | 13,9 |
| Suw tamiynatı hám kanalizacıya sistemaların rawajlandırıw | 60,2 | 266,6 | 0,7 |
| Tikleniw ham rawajlanıw fondı qarjılarınan | 299,5 | 23,3 | 3,5 |
| Ozbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditleri | 1254,7 | 89,0 | 14,9 |
| Oraylastirilmagan investiciyalar | 5648,0 | 109,7 | 67,0 |
| Karxana hám mekemelerdiń qarjıları | 2359,5 | 98,1 | 28,0 |
| Kommercıyalıq bank kreditleri hám basqa qarız derekleri | 482,2 | 38,4 | 5,7 |
| Tuwrıdan-tuwrı shet el investicıya hám kreditleri | 1957,6 | 279,3 | 23,2 |
| Puxaralardıń qarjıları | 848,7 | 108,4 | 10,1 |

*Qarjılandırıw derekleri boyınsha eń joqarǵı ósim páti tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardı tuwrdan-tuwrı o'zlestiriw arqalı gu'zetilmekte, shet el investiciya hám kreditler o'tken jıldın' usı dawirine salıstırganda 279,3 % o'siwi gu'zetildi. Bul shet el investiciyaların o'lestiriw menen baylanıslı.*

## Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalar, rayonlar kesiminde

| | mlrd. sum | ósim páti, % |
|---|---|---|
| Nókis qalası. | 1495,7 | 87,0 |
| Amiwdarya | 165,4 | 100,1 |
| Beruniy | 275,1 | 81,9 |
| Qaraózek | 217,1 | 61,7 |
| Kegeyli | 109,8 | 90,9 |
| Qońırat | 1175,1 | 112,2 |
| Qanlıkól | 256,8 | 277,6 |
| Moynaq | 1272,4 | 137,4 |
| Nókis | 219,9 | 156,7 |
| Taqıyatas | 1503,2 | 53,5 |
| Taxtakópir | 51,3 | 48,3 |
| Tórtkúl | 681,3 | 347,4 |
| Xojeli | 268,2 | 194,1 |
| Shımbay | 169,4 | 131,5 |
| Shomanay | 168,6 | 214,8 |
| Ellikqala | 405,3 | 205,6 |

*Rayonlar kesiminde tiykar ǵ ı kapital ǵ a investiciyalar Tórtkúl rayonında eń joqarı ósim pátlerin kórsetti, ósim páti 3,5 ma'rtege astı, bul esabat dáwirinde jana "Shórbulaq" suw saqla ǵ ısh qurılısı jáne social obyektlerdi rekonstruktsiya etiliwi esabınan támiyinlendi.Sonıń menen birge, joqarı ósim pátleri Qanlıkól rayonında da gúzetiledi – 277,6 % ke astı.Usi aymaqda toqımashılıq o'nimlerin islep shig'ariw boyınsha tazadan jan'a islep shig'arıw quwwatları jaratıldı. Shomanay rayonında ósim páti 214,8 % ke kóbeydi,toqımashılıq hám farmacevtika sanaatına investiciyalardı kiritiw esabınan támiynlendi.*

## Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalar rayonlar

## kesiminde, ósim páti, % te






## Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń texnologik

## dúzilisi, % te




*Qaraqalpaqstan Respublikasında tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń texnologik quramında qurılıs montaj jumısları ushın 4767,7 mlrd. sum ajıratıldı, ulıwma kólemniń 56,5 % in quradı, mashina, ásbap – úskene hám inventarlardı satıp alıw ushın jóneltirilgen investiciyalar kólemi 3404,6 mlrd. sumdı quradı (tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń úlesi 40,4 %) hám basqa qárejetler – 262,3 mlrd. sum ( 3,1 %).*



## *Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń tákrar islep shıǵarıw dúzilisi, úlesi % te*




*Esabat dáwirinde tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń kóp bólegi jańa qurılısqa kiritilgen investiciyalar bolıp, 6042,6 mlrd. sum hám úlesi 71,,6 % ti quradı.*

*Obyektlerdi keńeytiriwge, rekonstrukciya qılıw, modernizaciya hám texnik qayta qurallandırıwǵa 1697,2 mlrd. sum qaratılǵan bolıp, yaki ulıwma kólemniń 20,1 % in quradı, qalǵan 8,3 % i, yaki 694,8 mlrd. sumı basqa jónelislerge ózlestirildi.*




• Toǵay, balıqshılıq hám awıl xojalıǵı 1159,9 mlrd. sum
• Taw-kán sanaatı 1927,6 mlrd. sum
• Qayta islew sanaatı 1138,2 mlrd. sum
•Elektr energiyasın, gaz jetkizip beriw hám hawanı kondicıyalaw 1480 mlrd. sum
• Suw tamiynatı hám kanalizacıya 154,0 mlrd. sum


• Qurılıs
267,7 mlrd. sum
• Tasıw hám saqlaw
330,7 mlrd.sum
• Bilimlendiriw
298,6 mlrd. sum
• Uy jay qurılısı
958,1 mlrd. sum
• Basqa jónelisler
719,8 mlrd. sum

## *Xalıqtıń jan basına tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar*

## *(mıń. sum)*




*Xalıq jan basına tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń eń joqarı kórsetkishi Moynaq rayonına tuwrı keldi-40395,3 mıń. sum, esabat dáwirinde bul jerde jańa azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıldı. Taqıytas rayonında-20507,7 mıń. sum, bul Taqıyatas IES da iri investitciyalıq joybar-quwatı 230-280 MVt bolǵan puw-gaz stanciyası qurılısına, tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyaları esabınan ózlestirildi. Qońırat rayonında xalıq jan basına -9102,0 mıń. sum, bul tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyaları esabınan Ũstũrt tegisliginde gaz sanaatin islep shiǵariwǵa jóneltirildi.*

## *Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha dúzilisi*

*(jámige salıstırǵanda, % te)*




*Esabat dáwirinde xızmet túrleri boyınsha elektr energiyası hám gaz támiynatına 1480,4 mlrd. sum yamasa investiciyalar ulıwma kóleminiń 17,5 % sarıplandı. Joqarıda aytıp ótilgenindey, Taqıyatas IES da elektr energiyasın islep shıǵaratuǵın eki jańa stanciyasınıń qurılısı menen baylanıslı.*

*Qayta islew sanaatına 1138,2 mlrd. sum yamasa investiciyalardıń 13,5 % i sarıplandı, bular tiykarınan 376,3 mlrd. sumlıq toqımashılıq sanaatına, 218,2 mlrd. sumı, ximiyalıq o'nimler o'ndirisine 109,6 mlrd. sum mug'darda investiciyalar ózlestirildi.*

*Taw-kán sanaatında 1927,6 mlrd. sum yamasa ulıwma investiciyalardıń 22,9 % ti ózlestirildi, sonnan 1851,2 mlrd. sum yamasa investiciyalar ulıwma kóleminiń 21,9 % tábiǵıy gaz qazıp alıwǵa jóneltirildi. Bul Ústúrt keńisligindegi gaz qudıqlarınıń qurılısı menen baylanıslı.*

*Bunnan tısqarı,xizmet túri boyınsha bilimlendiriw tarawına 298,6 mlrd. sum ózlestirildi,bul ulıwma kól emniń 3,5 payızın quraydı. den sawlıqtı saqlaw sistemasına 142,5 milliard s um qarjısarıplandı, bul "Abat awıl" hám "Abat máhalle"mámleketlik joybarlarin hámde sociallıq infrastrukturasin qurıw hám rekonstruktsiya etiw esabı ámelge asırılıp atır.958,1 mlrd. sum yamasa investitsiyalardıń 11,4 % turaqjay qurılısına jóneltirildi, sonıń menen birge, iskerlik túrleri boyınsha awıl xojalıǵına 1159,9 mlrd. sum aqsha ajıratıldı, onıń úlesi 13,8 % ti quradi, bul kóplegen tarawlarda ıssıxanalar ornatiliwi menen baylanıslı..*





## *Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha shet el investiciyaları hám kreditleri, úlesi % te*




*Ózlestirilgen shet el investiciya hám kreditleriniń 33,2 % ti elektr energiyasın hám gaz jetkizip beriw jónelisine tuwrı keldi hám 28,4 % ti qayta islew sanaatı túrine ózlestirildi.*

## *Rayonlar kesiminde ózlestirilgen shet el investiciya hám kreditleri, mlrd. sum*

| | Jámi shet el investiciya hám kreditleri | Tuwrıdan tuwrı investiciyalar | Óz.R. kepilligindegi shet el kreditleri | Kepilliksiz shet el kreditleri |
|---|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 3212,3 | 850,1 | 1254,7 | 1107,5 |
| Nókis qalası | 353,5 | 290,0 | 13,2 | 50,3 |
| Amiwdarya | 16,0 | 0,2 | 1,2 | 14,6 |
| Beruniy | 36,9 | 1,2 | 2,6 | 33,1 |
| Qaraózek | 97,3 | 7,6 | 0,1 | 89,6 |
| Kegeyli | 32,1 | 31,1 | 0,1 | 0,9 |
| Qońirat | 500,8 | 282,4 | 1,0 | 217,4 |
| Qanlikól | 153,7 | 19,8 | 0,4 | 133,5 |
| Moynaq | 277,9 | 19,3 | 4,2 | 254,4 |
| Nókis | 81,5 | 48,4 | 2,5 | 30,6 |
| Taqıyatas | 1092,5 | 8,1 | 1045,4 | 39,0 |
| Taxtako'pir | 9,2 | 5,5 | 0,6 | 3,1 |
| Tórtkúl | 57,1 | 0,8 | 2,2 | 54,1 |
| Xojeli | 62,2 | 42,3 | 0,9 | 19,0 |
| Shımbay | 87,7 | 87,2 | 0,5 | - |
| Shomanay | 125,3 | 5,8 | 0,1 | 119,4 |
| Ellikqala | 228,6 | 0,4 | 179,7 | 48,5 |



Joqari oqiw orinlari - 66,1 mlrd. sum



Mektepke shekemgi bilimlendiriw orinlari - 77,8 mlrd. sum




Uliwma bilim beriw mektepleri - 68,2 mlrd. sum



Emlewxana ha'm poliklinikalar,den sawliqdi saqlaw orinlari-23,2 mlrd. sum

*24,5 mlrd.sumlıq investitsiyalar ambulatoriya poliklinikaları hám basqa den sawlıqtı saqlaw mekemeleriniń emlewxanaların jańa qurıw hám kapital rekonstruktsiya etiw ge jóneltirildi, bul den sawlıqtı saqlaw tarawına jóneltirilgen investitsiyalardıń 17, 2 % quradı. Sonnan 18,2 mlrd. sum jańa qurılıslarǵa,6,3 mlrd. sumı ámeldegi shól kemlerdin' rekonstruktsiya jumıslarına sarplandı. Nokis rayonında 70 orınlı jańa emlewxana qurılıp, bir smenada 50 adamg'a mólsherlengen 35-sanlı awıl shańaraqqa tiyisli poliklinikası paydalanıwǵa tapsırıldı. Moynaq hám El likqal'a rayonları aymaǵında hár birinde 100 orınlı jańa poliklinikalar qurılısı juwma qlandi, Qanliko'l rayonında 100 orınlı "16-sanlı awıl puxaralar jıyınına tiyisli poliklinikası", sonıń menen birge, 100 orınlı Taxtako'pir, 50 orınlı Shımbay, 75 orınlı Nókis rayonlarının' awıllıq jerlerinde rekonstruktsiya jumısları paydalanıwǵa tapsırıldı. Nókis qalasında eki joqarı oqıw ornı ob'ektlerinin' jan'adan qurılıs jumıslarına 66,1 mlrd. sum investitsiyalar sarplandı. Oqıw prossesi sapasın jáne de asırıw barısında orta hám orta arnawlı mekteplerdi qurıw hám rekonstruktsiya etiwge ja'mi 68,2 mlrd. sum sarplandı, sonnan 23,1 mlrd. sum hám mekteplerdi rekonstruktsiyasına 45,1 mlrd. sum jańa qurılısına sarplandı .*

*Esabat dáwirinde Respublikada 1710 oqıwshı ornına mólsherlengen 7 jańa ulıwma bilim beriw mektepleri paydalanıwǵa tapsırıldı.*

*Balalar baqshası obyektlerin qurıw ha'm rekontruksiyalawg'a bólek itibar berilmekte. Esabat dáwirinde 77,8 mlrd. sum muǵ darında investitsiyalar, sonnan 17, 1 mlrd. sumi jańa qurılıslarǵa, 60,7 mlrd. sumı rekonstruksiya jumıslarına sarıplanıp, ja'mi 3845 orınlıq balalar baqshası paydalanıwg'a tapsirildi. Respublika boyinsha 4 balalar muzıka hám kórkem-óner mektepleri imaratların qurıwǵa 16,0 mlrd.sum muǵdarında investitsiyalar sarplandı.*

***Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması***

***Investiciyalar hám qurılıs statistikası bólimi***

***Telefon: (71) 230-82-13***

***(71) 230-82-14***

***(61) 222-75-91***